

“Lafwa Kreyen ak lalwa moral yo pa la pou trangle relasyon renmen an, men pou ba l jarèt, fè l pi dous epi ba l libète.”

Pap Benwa 16, Senkyèm Reyinyon ak Lafanmy, “Valencia”, peyi Lespay, 8 Jiyè 2006

maryaj: Plan Renmen Bondye nan relasyon seksyèl

Boutik Ôfèv la

Nan yon teyat ki rele *Boutik Ôfèv la*, yo rakonte istwa yon fi ki te rele Ana. Fi sa pat gen kè kontan nan maryaj li. Poutèt sa, li eseye al vann bag maryaj la. Lè l rive lakay Ôfèv la, mesye a peze bag la. Men, bag la pat peze anyen sou balans la. Mesye a di l, “Bag sa pa kanpe sou anyen”. Sa vle di bag madanm lan san pèz, san sans, si bag mari a pa la.

Nan tan nap viv la, ou tande moun ap di : maryaj pa bay, devan bon jan relasyon moun ap viv. Men istwa *Boutik Ôfèv sa*, fè tout moun pe bouch yo. Maryaj toujou gen menm pèz ak menm valè pouvwa nan sosyete a.

Moun pa chanje bag maryaj, nan seremoni Legliz, pou bèl twal. Bag yo se senbòl tout bon. Yo reprezante pwomès ki egziste nan mitan mari ak madanm. Ak lagras Bondye, pwomès sa gen pouvwa pou chanje mari ak madanm lan, dekwa pou tout tè a ka transfòme.

Kòman? Se sèlman lè nou bay tèt nou youn pou lòt, san rezèv, nap jwenn satisfaksyon. Anpil moun kwè lansèyman Legliz sou sèks ak maryaj, se yon lis règleman. Men, pi gwo sekrè a: **plan Bondye lè l tap mete relasyon seksyèl, se pou te fè kè w kontan.** Tout “règleman” nou genyen yo, se pou pwoteje relasyon sa,



kont sila ki egoyis la. Lè sèks chita sou **bay tèt ou san enterè ak kalkil**, li gen pouvwa fè kè nou kontan.

Renmen san rezèv

Nan sosyete nou an, gen anpil tantasyon pou fè sa w pito, antre nan relasyon seksyèl avan maryaj. Pa egzanp, fè sèks anvan maryaj, viv nan kay ansanm (sa nou rele plase a); pou youn aprann konnen lòt pi byen. Pa twò lontan, sosyològ yo vini ak anpil prèv pou di : moun marye, dimilfw kontan ak alèz pase moun ki pa marye, oswa plase. Wap jwenn plis enfòmasyon sou sa nan paj: <http://www.MassCatholicMarriage.org>

Rezon an senp: sakreman maryaj, se sèl kote sèks egal lanmou san rezèv; se nan bay tèt nou nèt ale, nap

jwenn rekonpans ki kache nan nou menm.

Renmen san rezèv nan maryaj, gen pouvwa pou ban nou kè kontan sou tè a. Men, Jezi vle plis pou nou toujou: Li vle pou nou kontan ak li, bèkèkè, menm apre n mouri. Nou pap ka konprann kontanman sa, kounyeya. Men nou ka kòmanse goute ti moso ladan l, si nou viv yon lavi ki sen, nan respekte sakreman Legliz yo (viv jan Bondye Papa vle l la, nan tout bagay). Avèk lagras, lanmou total san enterè Kris la, ap geri nou, lap aprann nou kijan pou nou renmen, epi lap ban nou kè kontan nèt ale.

Bondye fabrike tout sa l konnen, pou montre verite ki kache nan vin sen an, epi bay tèt nou nèt ale. Si w

pran verite sou sèks ak bay tèt ou nèt ale a, yo make ak gwo lèt nan kò nou. Èske w janm mande tèt ou, poukisa kò fi a ak gason an diferan? Èske diferans sa pa fè sans, si yo pat egziste pou yonn konplete lòt? Poutèt jan kò nou fèt la, si nou vle anbrase, fòk nou kanpe fasafas.

Renmen Bondye Pote fwi

Kò nou bay plis enfòmasyon toujou. Li montre nou relasyon seksyèl sou yon lòt plan. Plan sa se bay lavi. Menm jan renmen Bondye a pote fwi, se konsa relasyon maryaj dwe donnen. Lanmou Bondye kreye Lavi! Moun ki marye sipoze fè pitit. Tout moun alawonnbadè, menm si yo pa Kreyen, ka konprann maryaj tabli pou tout tan, epi fòk li bay lavi. Si kò nou avèk tout nou menm, dwe renmen san enterè, poukisa li difisil pou moun deside marye? Poukisa Ana te vle vann bag maryaj li?

Lakwa devan Legliz, ka ede nou reponn kesyon sa pi byen. Jezi Granmèt nou mouri sou lakwa, pou sove nou anba peche, epi mennen nou jwi renmen san limit Bondye a. Li rele nou chak pou n vin sen, men anpil nan nou rete nan chemen. Peche mete baryè nan relasyon nou yo. Erezman, Bondye pa atann pou nou

“Moun pa ka viv san renmen.

Li pap ka konprann tèt li, lavi l pap fè sans, si renmen pa fè l deklarasyon, si l pa rankontre l nan chemen, si l pa fè eksperyans ak li epi rele l pa l, si l pa kouche nan menm kabann ak li.”

Pap Janpòl 2, Dokiman “Redemptor Hominis”, # 10

fikse tout bagay pou kont nou. Se pou sa li ban nou lagras li nan Legliz la.

Youn nan kote nou ka touche gras sa, se nan sakreman yo; yo fè nou santi prezans Bondye tout bon nan lavi nou. Maryaj nan mitan 2 Kreyen, se yon sakreman espesyal ki pike renmen Bondye a menm, nan mitan tè a.

Sakreman maryaj montre nou renmen san enterè, ki ini Bondye Papa, Pitit la ak Lespri Sen an, gras a kò mari ak madanm lan. Nan teyat, Boutik Ôfèv la, lè Ana gade figi Jezi, se konmsi li wè figi mari l.

Your Vocation

Èske w santi Bondye rele w nan maryaj? Èske se nan chemen sa, li vle pou w vin sen, epi jwenn kè kontan? Se ou menm sèl ki ka fè misyon Bondye konfyè w la. Okenn lòt moun pa ka ranplase w.

Èske w pare pou w chanje fas tè a?

Gen nan nou ki deja reponn wi, lè nou bay lavi nou nèt ale, nan fè pè oswa relijye. Anpil nan nou, pral chanje fas tè a tou, kòm moun marye. Pap Jan Pòl 2 te di, “Lavni limanite pase nan tiyo lafanmy.”

Nou tout mesye ak madanm marye, selibatè, pè, mè, layik angaje, ka soutni fanmi ki nan sosyete nou an. Nou kapab preche plan Bondye pou maryaj. Nou kapab soutni lwa ki ankouraje lafanmy. Men sa k pi enpòtan, nou ka lite pou n viv lavi renmen san rezèv la, nan nenpòt branch Bondye rele nou.

Pyès Boutik Ôfèv la, montre nou 2 moun marye kap enkyete pou lavni yo. Men yo chak ap ankouraje youn lòt, avèk mo sa yo: “Lavni nou chita sou renmen.” Kèk lane pita, otè pyès teyat, Boutik Ôfèv la - Pap Jan Pòl 2 — deklare byen fò, “Pa pè! Pa pè renmen!”

THE FUTURE
DEPENDS ON
LOVE.
Marriage
LIFE LONG. LIFE GIVING.

MASSACHUSETTS CATHOLIC CONFERENCE
WEST END PLACE, 150 STANIFORD STREET, SUITE 5
BOSTON, MASSACHUSETTS 02114-2511
PHONE: 617.367.6060 ~ FAX: 617.367.2767
WEB: MASSCATHOLICMARRIAGE .ORG